

Pou Piblikasyon Imedya: 09/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LAPOLIS ETA A AP FÈ KONTWÒL SIKILASYON
PANDAN WIKENN JOUNEN FÈT KOLON AN**

Patwouy yo pral konsantre sou otomobilis k'ap kondi ak twòp vitès ak nan kapasite redui yo nan North Country, Rejyon Kapital, New York Santral ak Hudson Valley

Kanpay lit kont distraksyon pandan y'ap kondwi nan tout Eta soti 8 oktòb jiska 12 oktòb

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke Lapolis Eta New York yo pral deplwaye efò espesyal pou kontwòl sikilasyon pandan Wikenn Jounen Fèt Kolon an (Columbus Day Weekend) pou pran mezi kontravansyon kont otomobilis k'ap kondi ak twòp vitès ak nan kapasite redui yo. Kanpay Jounen Fèt Kolon an pral kòmanse jedi 8 oktòb 2020 epi li pral kontinye jiska lendi 12 oktòb 2020. Manm patwouy yo prevwa volim sikilasyon an ap ogmante pandan peryòd sa a akòz se yon wikenn ferye a ak touris sezon otòn lan, sa k'ap poze plis risk sou wout nou yo. Detay ranfòsman sa a pral fèt nan North Country, rejyon Syracuse, Rejyon Kapital ak Catskills.

Ranfòsman sible pandan Wikenn Jounen Kolon (Columbus Day Weekend) an konwenside avèk mobilizasyon "U Drive. U Text. U Pay." la nan tout eta pou fè chofè ki distrè yo rete deyò wout la. Pandan kanpay ki gen anpil vizibilite sa a, Polis Eta a ak ranfòsman lalwa lokal yo nan tout eta a yo pral pran mezi restriksyon kont chofè ki distrè deyò volan pandan tout wikenn jou ferye a.

"Yon vwayaj touristik sou feyaj nan sezon otòn lan se yon bon fason pou fanmi yo jwi yon pwomnad san danje epi ki sosyalman distanse, epi twoup nou yo pral soti pou fè patwouy pou anpeche trajedi initil ke moun ki chwazi kouri ak vitès oswa kondwi nan kapasite redui koze", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "New York gen zewo tolerans pou chofè k'ap kondwi nan kapasite redui epi ki distrè. M'ap mande tout otomobilis yo pou yo kondwi ak responsablite pou sove lavi yo."

Komisè Keith M. Corlett te deklare, "Nou vle chofè yo konprann ke kondwi ak vitès ak distraksyon ka lakoz konsekans ki trajik. Manm patwouy nou yo pral vizib anpil pandan peryòd ranfòsman sikilasyon sa a pou asire ke chofè yo aplike limit vitès ki afiche yo epi retire chofè ki ensousyan yo sou wout la. Nou ankouraje chofè yo fè pati pa yo nan obeyi lwa sikilasyon yo, rete vijilan ak deziyen yon chofè ki pa bwè si yo menm yo ap bwè. Ansanm, nou ka kenbe wout nou yo an sekirite pou sila yo k'ap vwayaje ladan yo".

Komisè Depatman Veyikil a Motè (Department of Motor Vehicles) yo ak Prezidan Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè (Governor's Traffic Safety Committee, GTSC) a, Mark J. F. Schroeder te deklare, "Fen semèn sa a se yon bon moman pou wè koule otòn yo kap chanje nan Eta New York men yon sèl bagay ki pa ta dwe janm chanje se rete yon chofè ki kondui san danje. Ou ka evite kondwi ak distraksyon, eksè vitès ak kondui ak pakasite redui epi evite mete tout moun ki sou wout la an danje san nesosite. Nan wikenn sa a ak nenpòt lè ou vwayaje, tanpri swiv limit vitès la, mete telefòn ou lwen epi toujou kondwi san ou pa bwè. Si w'ap selebre, gen yon plan pou rive lakay ou san danje".

Otomobilis k ap vwayaje pandan wikenn sa a yo ka atann yo a yon seri baraj woutye ak pwèn sekirite ak plis patwouy sou kondi nan kapasite redui (Driving under the influence, DWI). Fòs Lapolis yo pral chèche tou otomobilis ki ap itilize telefòn yo ansanm ak lòt aparèy elektwonik yo pandan yo dèyè volan. Chofè yo ta dwe sonje tou pou "mete yo sou kote" pou arè veyikil ijans ak risk sou arebò wout la.

Polisyè Eta yo pral sèvi avèk toulède machin polis eta ki make ak machin kontwòl sikilasyon ki gen idandite yo ki kache (Concealed Identity Traffic Enforcement, CITE) nan kad operasyon sa a pou idantifye pi fasilamn chofè k ap vyole lalwa. Veyikil CITE yo pèmèt Jandam yo pi byen obsève vyolasyon sikilasyon yo. Veyikil sa yo melanje ak sikilasyon odinè a men yo klè kòm veyikil ijans yon fwa limyè ijans lan aktive. Lapolis Eta a ap raple tout otomobilis yo pou yo rete an tout sekirite, pa bwè epi kondi, pa rete nan telefòn ou pandan w ap kondi, kondi nan limit vitès la, epi tache senti sekirite pou tout moun ki nan machin nan yo. Objektif prensipal la se pou dekouraje konpòtman moun k ap kondi nan fason danjre yo epi ogmante sansibilizasyon sou enpòtans sekirite woutye.

Pandan mobilizasyon "U Drive la. U Text. U Pay." 2019 la, ki sipòte pa Komite Sekirite Sikilasyon (Traffic Safety Committee) Gouvènè a, yo te bay plis pase 5,000 tikè pou moun ki kondui ak distraksyon epi yo te bay plis pase 46,000 tikè pou lòt vyolasyon sikilasyon grav tankou kondwi ak kapasite redui epi ak eksè vitès.

Tikè yo te bay pandan kanpay ranfòsman "U Drive. Utext. U Pay." ane pase a:

Vyolasyon yo	Kantite Kontravansyon
Kondi Distrè	5,184
Kapasite Redui	1,298
Vyolasyon Lwa Mete w Akote a	398
Senti Sekirite	1,768
Eksè Vitès	9,194
Lòt Vyolasyon	34,288
Total	52,130

Pou ede dekouraje otomobilis yo pale sou yon telefòn selilè san yo pa gen yon aparèy ki rann men yo lib, ekri mesaj tèks, oswa lè yo sèvi avèk yon aparèy elektwonik pandan y'ap kondwi, Eta New York etabli penalite ki strik. Penalite yo ka varye ant 50 a 450 dola amann, 5 pwen vyolasyon chofè, ak sispansyon oswa revokasyon lisans.

Chèf Timothy Parisi, Depatman Polis Iliyon ak Premye Vis Prezidan Asosyasyon Chèf Polis Eta New York yo te deklare, "Kòm nou byen okouran de danje san distenksyon ke kondwi ak distraksyon poze sou wout yo nan kominote nou yo, nou ankouraje ajans manm nou yo nan tout eta a patisipe nan inisyativ sekirite otowout enpòtan sa a".

Cherif Konte Washington lan ak Prezidan Asosiyasyon Cherif Eta New York (New York State Sheriffs' Association) yo Jeffrey Murphy te deklare, "Kondwi ak distraksyon mete ou, pasaje ou yo, ak tout itilizatè wout yo nan risk. Lè w ap retire je ou sou wout la pou li yon tèks, konpoze yon nimewo, menm ajiste navigasyon ou oswa jwe ak radyo a danjere. Ki sa, oswa ki moun, ou pral frape pandan tan sa a? Cherif yo nan Eta New York vle ou jwi moman ou nan machin nan, ale nan destinasyon ou, epi fè li san danje san distraksyon".

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)